

Dwa lekti timoun

1. Se yon **dwa moun fondamantal** timoun genyen pou yo li.
2. Timoun gen dwa jwenn **aksè** nan lekti ki enprime sou papye epi ki sou fòm nimerik.
3. Timoun gen dwa pou yo **chwazi** kisa yo li.
4. Timoun gen dwa li tèkst ki **sanble** avèk eskperyans yo genyen nan lavi epi nan lang pa yo, louvri **fenèt** sou lavi lòt moun, epi louvri **pòt** sou mond nou an ki gen divèsite ladan l.
5. Timoun gen dwa pou yo li pou **divètisman**.
6. Timoun gen dwa jwenn yon anviwonman ki **ankouraje yo** nan lekti avèk patnè ki gen konesans sou alfabetizasyon.
7. Timoun gen dwa pou yo jwenn **tan** ki pwograme pou yo kapab li.
8. Timoun gen dwa kolabore avèk lòt moun nan nivo lokal ak mon-dyal pou yo **pataje** sa yo aprann lan a travè lekti yo fè.
9. Timoun gen dwa li pou yo kapab aksede nan lòt fòm **kominikasyon**, tankou pa egzantp, ekriti, elokisyon, epi reprezantasyon vizyèl.
10. Timoun gen dwa pou yo resevwa benefis resous finansyè avèk materyèl ki soti nan men gouvènman, ajans, epi asosyasyon ki **ankouraje** lekti avèk enstriksyon nan lekti.